

Kijan pou Mwen Mande yon Entèprèt?

Si w ap plede pou tèt ou epi ou bezwen yon entèprèt legal, avize anplwaye tribunal la san pèdi tan. Si se nan Tribunal Minisipal y ap tandem ka w la, rele nimewo telefòn ki make sou papye kontravansyon an oswa sou avi tribunal la. Si se nan Tribunal Siperyè y ap tandem ka w la, w ap jwenn enfòmasyon konsènan biwo oswa moun pou kontakte a nan njcourts.gov. Chwazi "Interpreting Services" ("Sèvis Entèprèt") nan kolòn ki sou bò goch la nan paj entènèt la.

Si ou gen yon avoka k ap defann ou, fè avoka w konnen si ou bezwen yon entèprèt legal anvan dat randevou nan tribunal la. Epitou, fè avoka w konnen si ou gen nenpòt dokiman ou bezwen tradui.

Ou dwe fè tradui tout dokiman ou vle bay tribunal la anvan ou prezante nan tribunal la.

Fason pou Anile Sèvis yon Entèprèt

Se **oumenm** ki dwe fè tribunal la konnen si ka w la rezoud, anile oswa ranvwaye pou yon lòt jou. Si w pa fè tribunal la konnen ka a rezoud, anile oswa ranvwaye pou yon lòt jou, oswa si w pa prezante nan yon pwosedi ki ranvwaye pou yon lòt jou, tribunal la kapab pase ou lòd pou peye pou sèvis entèprèt la.

Ki Kote Mwen Kapab Ale pou Mwen Jwenn Lòt Enfòmasyon Konsènan Tribinal yo?

Ale nan njcourts.gov pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Tribunal New Jersey yo.


Sistèm Jidisyè New Jersey Biwo Administratif Tribunal yo

New Jersey Judiciary
Administrative Office of the Courts

Stuart Rabner
Dwayen Tribunal la
Chief Justice

Glenn A. Grant
Direktè Administratif Tribunal yo
Administrative Director of the Courts

Todd McManus
Direktè, Biwo Jerans ak Sèvis
Administratif
Director, Office of Management and Administrative
Services



Jen, 2016

CN - 11486-Haitian

Wòl Entèprèt Legal nan Sistèm Jidisyè New Jersey a

The Role of the
Court Interpreter
in the New Jersey Judiciary
Haitian Creole

New Jersey Courts
www.njcourts.gov



Independence • Integrity
Fairness • Quality Service

Sistèm Jidisyè New Jersey a
bay sèvis entèprèt legal nan
plizyè lang diferan.

Èske ou Bezwèn yon Entèprèt Legal?

Sistèm Jidisyè New Jersey a bay sèvis entèprèt legal nan plizyè lang diferan. Si ou bezwen yon entèprèt, fè tribal la oswa avoka w konn sa san pèdi tan.

Sa Entèprèt Legal la Ap Fè

Entèprèt legal la *ap* bezwen tandem pale nan lang matènèl ou epi li kapab poze w kèk kesyon, tankou nan ki peyi ou soti oswa si ou janm itilize yon entèprèt deja.

Pandan yon pwosedi nan tribal, entèprèt legal la *ap* ede ou kominike avèk moun ki nan sal tribal la, tankou avoka w, anplwaye tribal la, epi jij la.

Entèprèt legal la *ap* entèprete tout sa w di nan lang Angle.

Entèprèt legal la *ap* entèprete tout sa yo di nan tribal la nan lang matènèl ou.

Entèprèt legal la *ap* entèprete tout sa yo di, san wete, san mete, ni chanje anyen.

Entèprèt legal la dwe respekte règ sekrè enfòmasyon yo epi li pap repeète anyen nan sa w di avoka w bay pèsonn.

Sa Entèprèt Legal la Pa Kapab Fè

Entèprèt legal la *pa kapab* ba ou konsèy legal ni okenn lòt kalite konsèy.

Entèprèt legal la *pa kapab* pale osijè ka w la avèk ou.

Entèprèt legal la *pa kapab* eslike ou kisa mo yo vle di ni kisa k ap pase nan tribal la.

Entèprèt legal la *pa kapab* reponn kesyon sou sa ki pral pase nan tribal la.

Entèprèt legal la *pa kapab* fè konvèrsasyon prive ni avèk oumenm ni ak fanmi ou.

Entèprèt legal la *pa kapab* rete tann jiskaske ou santi w bezwen sèvis entèprèt la. Si w pa itilize sèvis entèprèt la pandan tout pwosedi a, tribal la kapab bay entèprèt la pèmisyon pou li kite pwosedi a.

Fason pou Travay ak Entèprèt Legal la

Ou ka toujou mande yon entèprèt pou li repeète sa li di a, pou pale pi fò, oswa pi dousman.

Pale dirèkteman ak moun k ap poze kesyon an, pa ak entèprèt la.

Pale nan lang matènèl ou sèlman.

Tann entèprèt la fin pale anvan ou pale.

Suiv siyal entèprèt legal la fè ak men li, lè li mande ou pou pale pi dousman oswa pou sispann pale pou li kapab entèprete sa w di a.

Konsantre atansyon ou sou entèprèt legal la, menm si ou konprann lang Angle yon tikras.

Pale aklè epi ak yon ritm modere. Sonje byen pou pran yon poz, lè repons ou yo long.

Kisa pou Mwen Fè si Mwen Pa Konprann Entèprèt Legal la?

Fè avoka w oswa jij la konnen si ou pa konprann entèprèt la.

Kisa Mwen Dwe Fè si Mwen Pa Konprann yon Bagay?

Si ou gen kesyon, mande avoka w oswa jij la oswa anplwaye tribal la; pa mande entèprèt la. Entèprèt legal la ap entèprete kesyon ou yo pou lòt moun ka reponn yo.